



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PREMYE FAZ PWOJÈ
AMELYORASYON SOU AKSÈ NAN HUNTS POINT KI KOUTE 1.7 MILYA DOLA
ALÈ AK SELON BIDJÈ A**

*Finisman nouvo ranp ki gen de direksyon pou rive Edgewater Road apati
Sheridan Boulevard pral retire plizyè milye kamyon nan lari lokal yo chak jou,
amelyore kalite lè a epi redwi polisyon bri*

*Nouvo espas vèt kominotè ak nouvo chemen pou itilizasyon pataje yo pou meyè
aksè pyeton ak siklis yo nan Rivyè Bronx ak opòtinite lwazi*

*Nouvo ranp ki sot nan direksyon lès Bruckner Expressway rive nan Edgewater
Road; Nouvo ranp sou Leggett Avenue sot nan penensil Hunts Point jiska
Bruckner Expressway la*

*Pwojè a fè pati investisman san presedan Eta a pou amelyore enfrastrikti ak
kalite lavi pou rezidan yo nan Sid Bronx*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman premye faz pwojè Amelyorasyon Aksè Hunts Point 1.7 milya dola Eta a alè ak selon bidjè. Gwo etap enpòtan sa a make achèvmman konplè tout aksè nouvo ak amelyore nan Edgewater Road pou otomobilis yo, sa k ap retire plizyè milye kamyon nan lari lokal yo chak jou epi amelyore aksè nan Mache Tèminal Hunts Point lan. Premye faz nan pwojè a founi nouvo limyè sikilasyon pou plis sekirite, espas kominotè pou lwazi, ak aksè pi an sekirite pou pyeton ak siklis yo. Kontra premye faz 460 milyon dola a fè pati yon investisman san presedan Eta a pou amelyore enfrastrikti ak koneksyon nan Sid Bronx pandan l ap amelyore kalite lavi rezidan yo.

"Administrasyon mwen an konsantre anpil sou kreye enfrastrikti klas mondyal 21yèm syèk la pou New York - delivre pwojè transfòmasyon alè ak selon bidjè a," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou retire plizyè milye kamyon nan lari lokal yo chak jou epi bay chofè yo pi bon aksè nan Mache Tèminal Hunts Point, n ap amelyore eksperyans Sid Bronx pou pwopriyetè biznis yo ak rezidan yo. Pwojè sa a pral rann lari nou yo pi an sekirite, konekte moun ak zanmi yo ak fanmi yo, epi kreye espas ki pi vèt pou kominote a".

Avèk premye faz la ki fini, otomobilis yo — ki gen ladan plizyè milye kamyon k ap ale ak soti nan Mache Tèminal Hunts Point chak jou — gen aksè nouvo ak amelyore pou Edgewater Road sou fòm twa nouvo ranp. Sa gen ladan yon ranp ki gen de direksyon pou ale nan Edgewater Road apati Sheridan Boulevard ak yon ranp ki soti nan direksyon lès Bruckner Expressway rive nan Edgewater Road. Pwojè a te enkli tou refòm Edgewater Road, enstalasyon nouvo limyè sikilasyon nan Seneca Avenue ak Garrison Avenue ak yon nouvo chemen pou itilizasyon pataje soti Bruckner Boulevard rive Lafayette Avenue.

Mache Tèminal Hunts Point lan ak lòt konpayi pwodiksyon yo ki toupre enstalasyon an se yon motè ekonomik ki vital pou Bronx, k ap jenere aktyèlman plis pase 2 milya dola nan aktivite ekonomik pa ane. Sant Distribisyon Manje Hunts Point lan founi jiska 60 pousan nan pwodwi, vyann ak pwason ke rezidan Vil New York yo ak vizitè yo itilize epi li anplwaye plis pase 6,000 travayè. Li atire plizyè dizèn milye veyikil chak jou epi anvan premye faz pwojè a te fini, li te itilize lari lokal yo — patikilyèman Westchester Avenue ak Bruckner Boulevard — pou ale rantre epi soti nan rezo otowout ant eta yo.

Pak Garrison te transfòme tou avèk yon nouvo chemen pou itilizasyon pataje, amenajman, platfòm pou gade yo ki bay sou rivyè a, ak yon zòn antre fòmèl avèk yon pasaj tren ak limyè sikilasyon, ki bay rezidan yo aksè ki pi an sekirite epi fasil nan Rivyè Bronx lan. Anplis de sa, yo te konstwi yon nouvo chemen pou itilizasyon pataje anba Bruckner Expressway pou lye nouvo Pak Garrison lan ak Pak Concrete Plant ki egziste deja, kote gen senk kamera sekirite ki enstale sou nouvo chemen an pou amelyore sekirite pou pyeton ak siklis pandan l ap konekte ak Chemen Vèt Rivyè Bronx lan.

Anplis de sa, pwojè a te reyabilite vyadik Bronx River Avenue an epi li te kreye 15,000 pye kare nan kominote "Espas Lib Rivyè Bronx" anba vyadik la. Pwojè a te ranplase tou trave lès pon pou pyeton Bryant Avenue sou liy tren Amtrak/CSX.

Anplis de sa, premye faz la te ranplase kat pon ki transpòte Bruckner Expressway ak Bruckner Boulevard la sou on sou liy tren Amtrak/CSX yo epi te amelyore entèseksyon Bruckner Boulevard ak Hunts Point Avenue ak Edgewater Road ak Lafayette Avenue.

Yon nouvo ranp Sòti 48 pou ale nan Leggett Avenue te louvri nan kòmansman mwa septanm nan kòm yon pati nan kontra dezyèm faz k ap kontinye a, ki bay plis aksè dirèk nan Mache Tèminal Hunts Point lan ak nan direksyon lwès Bruckner Boulevard epi retire sikilasyon kamyon yo nan lari lokal yo. Yon dezyèm ranp, yon pati nan dezyèm faz pwojè a, ki konekte penensil Hunts Point ak Bruckner Expressway a pral ouvri jodi a tou.

Anba sipèvizyon Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la, pwojè Hunts Point lan ki koute 1.7 milya dola a pral fèt nan twa faz epi, lè li fini, li pral bay aksè dirèk nan Mache Tèminal Hunts Point lan soti nan Bruckner Expressway la ak nouvo Sheridan Boulevard la. Mache a se youn nan pi gwo sant distribisyon vant an gwo nan mond lan. Plis pase 78,000 veyikil vwayaje nan Penensil Hunts Point lan

chak jou, ki gen ladan 13,000 kamyon k ap itilize wout lokal yo, ki te kontribye nan move kalite lè nan kominote a.

Nouvo konsepsyon otowout la pral amelyore sekirite, li ap retire sikilasyon sou wout lokal yo epi li ap redwi yon fason konsiderab alafwa bri ak estasyonman kamyon, an konsekans li ap diminye polisyon lè a nan yon awondisman ki gen kèk pousantaj maladi opresyon ki pi wo nan peyi a. Yo prevwa pwojè transfòmasyonèl la pral kreye 22,000 nouvo travay dirèk ak endirèk.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Envestisman san parèy Gouvènè Hochul te fè nan enfrastrikti New York la te vrèman transfòmasyonèl, sa te kreye nouvo opòtinite pou plizyè mòd transpò, rekonekte kominote yo ak kreye nouvo avni pou devlopman ekonomik. Pwojè Amelyorasyon Aksè Hunts Point lan bay egzanp prensip sa yo lè li kreye nouvo aksè nan Rivyè Bronx lan ak nouvo pak ak chemen pou jwi li, rekonekte katye yo ak dlo ak espas vèt yo epi nan retire plizyè dizèn milye kamyon pa jou nan lari lokal yo epi kreye aksè dirèk nan Mache Hunts Point lan. DOT ap travay di chak jou pou delivre pwojè sa a pou rezidan ki travay di nan Sid Bronx yo, epi nou pa ka tann pou nou fini tout faz pwojè a nan ane k ap vini yo".

Dezyèm faz ki koute 518 milyon dola a, ki ap fèt kounye a, pral reyabilite 2.01 kilomèt nan Otowout Bruckner ant 141st Street ak Barreto Street, sa ki ap elaji wout la ak konstwi nouvo ranp pou antre ak sòti ki konekte Bruckner Expressway la nan direksyon lwès ak Legget Avenue. Ranp yo bay yon wout dirèk ant otowout la ak Penensil Hunts Point lan gen ladan Sant Distribisyon Manje Hunts lan, sa ki ap redwi sikilasyon kamyon nan lari lokal yo.

Anplis de sa, yo pral rekonstwi yon seksyon nan Bruckner Boulevard ki mezire 2.81 kilomèt ant Cypress Ave ak Barreto Street, epi yo pral amelyore 15 entèseksyon lokal. Amelyorasyon yo gen ladan bò twotwa, medyàn, twotwa, pasaj pou pyeton ki nouvo oswa ki amelyore ak amelyorasyon nan limyè sikilasyon yo. Nouvo wout miltifonksyon ki mezire 2.41 kilomèt la pral bay yon koneksyon nan wout bisiklèt 138th Street la ki ale nan Zile Randall la (Randall's Island), Manhattan ak Chemen Vèt Bronx lan. Yo pral amelyore tou twa zile Pak Vil New York yo, pral plante nouvo pyebwa epi yo pral founi yon nouvo kloti asye dekoratif nan tout Bruckner Boulevard la. Yo pwograme dezyèm faz la pou li fini nan otòn 2023.

Twazyèm epi ki se dènye faz la, ki pwograme pou li fini nan otòn 2025, pral elimine retresisman wout la nan echanjè Bruckner Expressway ak Sheridan Blvd. nan ajoute yon twazyèm vwa nan Bruckner, nan toude direksyon yo. Pwojè a pral ranplase trave lwès pon pou pyeton Bryant Avenue, pou fini ranplasman pon an epi amelyore aksè ADA. Nouvo makaj paviman ak siyalizasyon yo pral dirije sikilasyon machin, kamyon ak pyeton nan penensil Hunts Point lan.

Anplis de sa, plan pou yon nouvo pakin an devlopman kounye a ki pral bay 24 estasyon rechaj rapid pou pi byen akomode machin elektrik yo anba Bruckner Expressway epi ede amelyore plis kalite lè a nan Sid Bronx.

Senatè Luis R. Sepulveda te deklare, "Envesti nan kominote tankou Bronx se youn nan pi bon solisyon pou inegalite. Chak investisman nan enfrastrikti amelyore kalite lavi pou rezidan nou yo epi reyafime angajman sosyal nou genyen anvè elektè nou yo. Mwen mete ansanm ak Gouvènè Kathy Hochul ak ekip li a pou bat bravo pou ouvèti amelyorasyon sa a nan Mache Tèminal Hunts Point lan. Pwojè sa a ajoute espas ki pi an sekirite pou popilasyon nou an, espas kominotè ak aksè an sekirite pou bisiklèt ak pyeton. Mwen gen konfyans ke kominote nou yo pral jwi amelyorasyon sa yo imedyatman".

Senatè Eta Alessandra Biaggi te deklare, "Achèvman pwojè sa a se yon etap enpòtan pou kominote Hunts Point—amelyore sekirite ak aksè pou otomobilis, siklis, ak pyeton. Pwojè Amelyorasyon Hunts Point lan pral bay investisman enpòtan anpil nan enfrastrikti, sekirite, ak devlopman ekonomik Sid Bronx. Mwen trè rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou ranfòse Hunts Point, epi mwen pa ka tann pou m wè plan sa a fini".

Manm Asanble a Kenny Burgos, te deklare, "Sante ak sekirite kominote mwen an ap toujou yon priyorite prensipal. Fini premye faz pwojè sa a se yon gwo etap ki pral sèlman amelyore lavi rezidan yo ak moun k ap vwayaje atravè Bronx. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak tout pati ki enplike yo pou travay san pran souf yo. Mwen pa ka tann pou m wè avantaj yo li pral pote pou kominote nan Sid Bronx".

Manm Asanble Amanda Septimo, te deklare, "Achèvman premye faz Pwojè Amelyorasyon Aksè Hunts Point lan se yon bon nouvèl nou t ap tann depi lontan pou Sid Bronx. Sa a se yon amelyorasyon enteresan ki pwouve lè nou reyini ansanm epi eksprime enkyetid nou sou sekirite, sante piblik, ak chanjman jis, nou jwenn rezilta. Sepandan, sa a se yon moman tou ke nou menm, ofisyèl eli yo, nou ka reyini ansanm pou wè pwojè sa a rive nan faz final li selon kalandriye a ak pwosesis ki jis pou kominote lokal la, ak plizyè milye chofè ki dwe pase nan sikilasyon Bruckner Expressway la ak polisyon pou ale travay, lekòl, oswa sèvis esansyèl. Mwens chofè kamyon nan lari lokal yo, plis espas vèt sou bò lanmè a, ak nouvo mwayen aksè nan Mache Pwodi Hunts Point lan se yon bon kòmansman pou amelyore kalite lavi nan Sid Bronx, epi nou kontan anpil pou eta a kontinye envesti nan enfrastrikti, sekirite ak sante nou".

Jwenn NYSDOT sou Twitter nan [@NYSDOT](https://twitter.com/NYSDOT) ak [@NYSDOTLI](https://twitter.com/NYSDOTLI). Jwenn nou sou Facebook nan [Facebook.com/NYSDOT](https://www.facebook.com/NYSDOT).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418